

Ou konnen kisa **kowonavirus** la e **covid-19** a ye?



- Nouvo **kowonavirus** la se yon viris ki koze enfeksyon respiratwa.
- **Covid-19** se yo maladi ke viris sa bay. Nan pifò ka yo, sentom li yo samble ak sentom yon krip komen. Men genyen ka kote maladi a kapab devlope nan yon sitiyasyon grav sitou nan granmoun aje yo, moun ki te gentan genyen maladi dirab (kronik) tankou tansyon, dyabèt, opresyon ak tibèkiloz.

Ki sentom ki plis komen?

- Touse (Jeneralman sèk)
- Fyèv (Jeneralman wo)
- Souf kout



Kilè pou ale kay doktè?

- Si ou santi souf ou kout, kouri nan yon sant sant imdyatman. Ale sou sit sa: bit.ly/buscasaudesp.



Materyèl ki reyalize sou baz oryantasyon Ministè Sante nan Brezil.
Pou plis enfòmasyon, disk 136.

escravonempensar.org.br/contraocorona



Kòman nouvo **kowonaviris** la transmèt?



- Nan bay la men (Meyè mwayen pou l propaje)
- Etènye
- Touse
- Flèm
- Ti gout krache
- Atik oubyen sifas ki kontamine, tankou telefòn, tab, manh (pòt /ou fentè) elatriye.



Kòman pou ou anpeche ou pran nouvo **kowonaviris** la?

- Rete nan izòlman sosyal
- Kouvri bouh ou ak nen ou lè ou ap touse ou etènye, ak koud bra ou
- Lave men ou souvan ak dlo ak savon oubyen itilize alkòl jèl.
- Evite touch zye ou, bouch ou ak nen ou.
- Pa pataje atik (objè) pèsonel ou.
- Kenbe anviwònman yo byen ayere (pou lè antre).
- Evite foul moun (Lokal ki genyen anpil moun).
- Kanpe a yon distans minimòm de 2 mètr de lòt moun.



Materyèl ki reyalize sou baz oryantasyon Ministè Sante nan Brezil.
Pou plis enfòmasyon, disk 136.

escravonempensar.org.br/contraocorona



Kisa izòlman sosyal la ye?



- Izòlman sosyal la se yon mezi ki prevwa kontak avek pi piti kantite moun posib, e pou popilasyon an rete lakay li pandan plis tan. Nan sitiyasyon sa, se pou nou chèche fè travay nou yo lakay epi sòti sèlman pou nesesite tankou al achte, al nan famasi.
- Mezi a fè pati de detèminasyon otorite sante yo pou evite maladi covid-19 a propaje paske se yon maladi ki trè kontaminan.

Menm pandan ou lakay, li nesesè pou ou sonje:

- Pote atansyon maksimòm nan ijyèn. Toujou lave men ou!
- Kite anviwònman yo ayere e pwòp.
- Evite sikilasyon e ale vizite moun ki pa rete la kay ak ou.

**Fè prevansyon
#Retelakayou**



Materyèl ki reyalize sou baz oryantasyon Ministè Sante nan Brezil.
Pou plis enfòmasyon, disk 136.

escravonempensar.org.br/contraocorona

